

Kategori : **KONSÈY VIL LA POU ELÈV K AP
APRANN LANG ANGLE**

Pibliye :
31/10/2013.

Nimewo : **D-170**

Sijè : PWOSESIS POU NOMINASYON AK CHWA MANM KONSÈY VIL LA POU
ELÈV K AP APRANN LANG ANGLE, EPITOU POU METE MANM NAN PÒS VID

Paj : 1 nan 1

REZIME CHANJMAN YO

Règleman sa a an vigè apati dat yo afiche l epi li mete ajou ak ranplase CR D-170 ki gen dat 26 jen 2012.

Chanjman :

- Men chanjman yo fè nan kondisyon pou elijiblite kandida yo pou adapte ak chanjman nan lwa eta : Kandida yo dwe se paran elèv ki nan yon pwogram bileng oswa angle kòm dezyèm lang *English as a Second Language* (ESL), oswa ki te nan tip pwogram sa a pandan de ane avan yo. Yo detèmine elijiblite apati dat paran an soumèt yon aplikasyon pou l poze kandidati l pou yon pòs nan Konsèy Vil pou elèv k ap aprann lang angle *Citywide Council on English Language Learners* (CCELL) la. (Gade paj 1, Seksyon I.A.1.)
- Kandida yo oblije mete nan aplikasyon yo enfòmasyon konsènan chak lekòl leta kote yo gen yon timoun ki nan yon pwogram bileng oswa ESL ak/oswa ki te gen yon timoun nan tip pwogram sa a pandan de ane avan yo. Y ap konsidere yon kandida kòm reprezantan chak distri kote kandida a gen yon timoun nan yon pwogram bileng oswa ESL, ak/oswa ki te gen yon timoun nan tip pwogram sa a pandan de ane avan yo ; Yon kandida ki pa bay enfòmasyon sou chak distri kote l se yon reprezantan ap lakoz Chanselye a diskalifye l, si li vle. (Gade paj 3, Seksyon II.B)
- Yo pa ka chwazi nan CCELL plis pase wit kandida ki pa paran elèv ELL aktyèl yo. Si yo chwazi plis pase wit kandida ki pa paran elèv ELL aktyèl yo, y ap sanse chwazi kandida sa yo ki gen plis kantite vòt yo, dapre restriksyon dekri nan Seksyon V.A.2.c, epi yo p ap konsidere tout lòt kandida ki pa paran ELL aktyèl yo (Gade paj 4, Seksyon V.A.2.b.)
- Okenn distri pa ka gen plis pase yon paran kòm reprezantan nan CCELL la, eksepte jan yo prevwa l nan Seksyon V.A.2.d. Si yo chwazi plis pase yon kandida nan menm distri a, y ap sanse chwazi kandida ki gen plis vòt la, dapre restriksyon ki dekri nan Seksyon V.A.2.b. Yo pa p konsidere kandida nan distri sa a ki gen mwens vòt yo epi y ap sanse pran sou kondisyon lòt moun ki gen dezyèm pi gwo kantite vòt la nan yon distri ki poko gen reprezantan nan CCELL la, dapre Seksyon V.A.2.b. (Gade paj 4, Seksyon V.A.2.c.)

REZIME

CCELL la gen 11 manm ki ka vote ak yon lòt manm ki se yon elèv ki pa ka vote. Yo chwazi nèf nan manm ki ka vote yo dapre pwosedi ki tabli nan Règleman sa a, epi yo dwe se paran elèv ki nan yon pwogram bileng oswa pwogram ESL nan moman chwa a, oswa ki te nan tip pwogram sa pandan de ane avan yo. Se Defansè piblik Vil Nouyòk la ki nonmen de lòt manm ki ka vote yo. Règleman sa a eksplike kondisyon pou kalifye ak pwosedi pou nonmen kandida ak pou chwazi manm CCELL la. Li endike tou yon pwosesis pou mete manm nan pòs vid yo. CCELL la dwe ranpli tout obligasyon l ak pran tout responsablite l dapre Lwa Vil Nouyòk sou Reyinyon piblik.

I. ELIJIBLITE**A. Manm ke Paran ak Defansè piblik nonmen.**

1. Se sèlman paran elèv ki nan pwogram bileng oswa¹ ESL (“elèv ELL”), oswa paran elèv ki te nan tip pwogram sa a pandan de ane avan yo, ki elijib pou poze kandidati yo pou CCELL. Yo detèmine elijiblite apati dat paran an soumèt yon aplikasyon pou l poze kandidati l pou yon pòs nan CCELL la.
2. Moun sa yo pa kalifye dapre lalwa :
 - a. Moun yo eli nan yon pòs piblik oswa moun yo nonmen oswa eli nan pòs yon pati (eksepte delege oswa delege pwovizwa nan yon kongrè nasyonal, yon kongrè leta, oswa kongrè yon lòt pati, oswa manm nan komite yon rejyon *county*);
 - b. Anplwaye k ap travay nan Depatman Edikasyon *Department of Education* (DOE) ;
 - c. Moun yo rekonèt koupab yon krim, moun yo te mete deyò nan yon Konsèy Vil la oswa Konsèy Edikasyon pou kominote (CEC) pou yon move zak ki gen rapò dirèk avèk pozisyon li nan Konsèy Vil la oswa CEC a, oswa yo rekonèt koupab yon krim ki gen pou wè dirèkteman avèk Konsèy Vil sa a oswa CEC a ; epi
 - d. Moun ki nan yon lòt Konsèy Vil la oswa nan nenpòt CEC.
3. Anplis, moun nou pral site la yo pa elijib pou fè pati Konsèy la :
 - a. Manm Komite pou Règleman sou edikasyon ;
 - b. Moun yo retire nan yon Asosyasyon Paran *Parent Asosyasyon* (PA)/Asosyasyon Pwofesè-Paran *Parent Teacher Association* (PTA), nan yon Komite dirijan lekòl *School Leadership Team* (SLT), nan Konsèy Prezidan Distri, nan Konsèy lekòl segondè Borough, oswa nan Komite lekòl kominotè oswa nan Komite Tit l pou yon move zak ki gen pou wè dirèkteman ak sèvis yo ofri nan asosyasyon, ekip, konsèy, komite, oswa konsèy administrasyon sa ; ak
 - c. Moun yo ke Fonksyonè Etik DOE oswa lòt reprezantan Chanselye a dapre Règleman Chanselye *Chancellor's Regulation* (CR) D-125 detèmine gen yon konfli enterè.

B. Elèv

Elèv lekòl segondè ki nan oswa ki te nan yon pwogram bileng oswa yon pwogram ESL, epi k ap nan dènye ane lekòl segondè pandan ane y ap ofri sèvis yo kalifye pou vin manm nan CCELL la. Nan Règleman sa a, yo konsidere yon elèv nan dènye ane lekòl segondè *senior* yon elèv ki gen apeprè 30 kredi lekòl segondè.

¹ Yo defini yon paran kòm yon paran (dapre nesans oswa adopsyon, yon bòpè/bèlmè oswa paran ki akeyi timoun lan pou l viv lakay li), gadyen legal, oswa yon moun ki gen yon lyen paran ak yon timoun. Yon moun ki gen yon lyen paran ak yon timoun se yon moun ki responsab dirèkteman swen ak gadri yon timoun regilyèman nan plas yon paran oswa yon responsab legal.

II. CHWA PARAN KÒM KANDIDA

- A. Paran ki enterese ofri sèvis yo nan CCELL dwe soumèt yon aplikasyon yo ranpli sou entènèt pou pwopoze tèt yo kòm kandida nan www.nycparentleaders.org. Kandida yo ka aplike pou plis pase yon CEC ak/oswa Konsèy Edikasyon Vil *Citywide Education Council* la. Menmsi yo pèmèt kandida soumèt plizyè aplikasyon, yo pa pèmèt yo manm nan plis pase yon konsèy. Nan moman aplikasyon an, kandida ki aplike pou plis pase yon konsèy dwe klase konsèy y ap aplike yo nan lòd yo pito yo. Y ap bay kandida yo chwazi sou kondisyon pou ofri sèvis yo nan plis pase yon konsèy yon plas nan konsèy yo klase anpremye pami konsèy yo chwazi yo pou mete yo sou kondisyon. Divizyon pou Angajman Fanmi ak Kominote *Division of Family and Community Engagement* (FACE) ap afiche delè pou soumèt aplikasyon yo sou sit www.nycparentleaders.org. Paran ki pa gen aksè nan Entènèt ka kontakte FACE pou jwenn yon lis lekòl ak òganizasyon lokal ki ka bay yo aksè nan yon konpitè ki gen koneksyon Entènèt.
- B. Kandida yo oblije mete nan aplikasyon yo enfòmasyon konsènan chak lekòl leta kote yo gen yon pitit ki nan yon pwogram bileng oswa ESL ak/oswa ki te gen yon timoun nan tip pwogram sa pandan de ane avan yo. Y ap konsidere yon kandida kòm reprezantan chak distri kote kandida a gen yon timoun nan yon pwogram bileng oswa ESL, ak/oswa ki te gen yon timoun nan tip pwogram sa pandan de ane avan yo ; yon kandida ki pa bay enfòmasyon sou chak distri kote l se yon reprezantan ap lakoz Chanselye a diskalifye l, si li vle.
- C. Y ap afiche pati nan aplikasyon chak kandida (non, lekòl pitit yo ye, deklarasyon sou fòmasyon yo ak aktivite yo ak deklarasyon pèsònèl yo fè) sou www.nycparentleaders.org pou paran ak piblik la ka wè yo.

III. SELEKTÈ

Konsèy Prezidan *Presidents' Council* (PC) pou chak distri lekòl kominotè, pou chak distri borough ak pou Distri 75 dwe chwazi yon paran ELL pami manm li yo pou sèvi kòm yon selektè manm CCELL la. Sizoka pa ta gen paran yon ELL nan PC a, PC a dwe mande paran ELL nan distri oswa borough a ofri sèvis yo kòm yon selektè. PC sa a dwe chwazi pami volontè sa yo yon paran pou ofri sèvis li kòm selektè manm CCELL. Paran ki kandida pou fè pati CCELL la pa kalifye pou ofri sèvis yo kòm selektè.

IV. PWOSESIS POU FOWÒM KANDIDA.

- A. FACE ap òganize yon fowòm kandida kote y ap pèmèt kandida pou CCELL la fè prezantasyon ba selektè yo ak lòt paran ak lòt antite ki enterese.
- B. Fowòm kandida a dwe fèt apre delè pou soumèt aplikasyon kandida yo fin pase, men li dwe fèt avan selektè yo nonmen yo vote nan dezyèm Madi mwa me ane y ap fè seleksyon an. FACE ap chwazi yon lokal DOE, dat ak lè ki apwopriye pou Fowòm Kandida yo, epi l ap pran tout pèmi obligatwa pou Fowòm Kandida yo. FACE ap peye frè pou tout pèmi ki nesèsè yo ak lòt frè ki gen pou wè ak Fowòm Kandida yo.
- C. FACE ap bay yon kopi tiliv espesifik kandida pou CCELL ki gen ladan l non ak deklarasyon pèsònèl tout kandida pou CCELL la, pou yo distribye nan Fowòm Kandida yo. FACE ap bay lòt sipò lojistik pou fowòm kandida yo, lè l nesèsè.

V. PWOSESIS SELEKSYON

- A. Seleksyon paran manm (ki ka vote)
1. Selektè yo dwe ale sou sit www.nycparentleaders.org pou vote. Dèke selektè yo antre sou sit wèb la, y ap jwenn yon bilten vòt ki gen non tout kandida pou CCELL la. Chak selektè ap vote pou de kandida. FACE ap bay selektè yo enfòmasyon pi detaye konsènan jan pou yo soumèt bilten vòt yo.

2. Lè yo fin konte bilten yo :
 - a. Y ap sanse chwazi sou kondisyon nèf kandida ki resevwa pi gwo kantite vòt yo, ann atandan yo verifye elijiblite yo, eksepte jan yo espesifye nan Seksyon V.A.2.b ak V.A.2.c pi ba a.
 - b. Yo pa ka chwazi nan CCELL plis pase wit kandida ki pa paran ELL aktyèl yo. Si yo chwazi plis pase wit kandida ki pa paran elèv ELL aktyèl yo, y ap sanse chwazi kandida sa yo ki gen plis kantite vòt yo, dapre restriksyon dekri nan Seksyon V.A.2.c, epi yo p ap konsidere tout lòt kandida ki pa paran ELL aktyèl yo.
 - c. Okenn distri pa ka gen plis pase yon paran kòm reprezantan nan CCELL la, eksepte jan yo prevwa l nan Seksyon V.A.2.d. Si yo chwazi plis pase yon kandida nan menm distri a, y ap sanse chwazi kandida ki gen plis vòt la, dapre restriksyon ki dekri nan Seksyon V.A.2.b. Yo pa p konsidere kandida nan distri sa a ki gen mwens vòt yo epi y ap sanse pran sou kondisyon lòt moun ki gen dezyèm pi gwo kantite vòt la nan yon distri ki poko gen reprezantan nan CCELL la, dapre Seksyon V.A.2.b.
 - d. Restriksyon yo dekri nan Seksyon V.A.2.a pa aplikab pou sitiasyon kote aplikasyon restriksyon an ap lakoz yo chwazi mwens pase nèf paran.
3. Sizoka ta gen kandida ki gen menm kantite vòt, oswa si nan kòmansman, yo ta chwazi mwens pase nèf kandida, y ap òganize yon dezyèm chwa kandida. Nan ka sa yo, chak selektè ap vote pou yon kandida.
 - a. Lè l nesèsè pou fè yon dezyèm tou poutèt gen kandida ki gen menm kantite vòt pou yon pòs oswa plis, se sèl kandida ki te gen menm kantite vòt yo y ap chwazi mete nan dezyèm tou a.
 - b. Si li nesèsè pou yo fè yon lòt tou akòz yon plas oswa plizyè plas ki rete vid dapre restriksyon tabli nan Seksyon V.A.2.c ki anpeche yo chwazi plizyè kandida nan menm distri a, tout kandida yo pa t chwazi avan yo epi ki pa gen pitit nan lekòl nan distri yo te deja reprezante nan CCELL la, ap elijib pou yo chwazi yo nan lòt tou a. Si yo pa rive konble tout pòs yo nan dezyèm tou a, y ap aplike lè sa eksepsyon yo tabli nan Seksyon V.A.2.d.
 - c. Lè l nesèsè pou fè yon dezyèm tou eleksyon poutèt gen yon pòs oswa plizyè ki rete vid pou yon lòt rezon ki pa sa yo sot espesifye pi wo a nan Seksyon V.A.3.a ak V.A.3.b, tout kandida yo pa t ko chwazi yo ap elijib pou patisipe nan dezyèm eleksyon an.
 - d. Si li nesèsè pou fè plizyè lòt tou pou yo ka respekte kondisyon tabli nan Seksyon V.A.3.a, V.A.3.b ak V.A.3.c pi wo a, y ap fè plizyè tou sa yo an menm tan men nan segman separe, kote y ap regwoupe kandida yo dapre kondisyon nan Seksyon V.A.3.a, V.A.3.b ak V.A.3.c.
 - e. Si nan dezyèm tou eleksyon an yo pa rive mete yon manm nan tout pòs yo, ajan endepandan k ap dirije pwosesis chwa pou DOE a ap itilize menm restriksyon sou elijiblite yo tabli nan Seksyon V.A.3 a, V.A.3.b ak V.A.3.c pi wo a. pou fè tiraj osò pou detèmine manm yo eli a. Men, nan ka yon kandida pa gen okenn vòt ni nan premye pwosesis eleksyon an ni nan dezyèm tou eleksyon an, ap sanse gen yon pòs vid nan konsèy la kote yo dwe mete yon manm dapre pwosedi yo tabli nan Seksyon IX.A.2 ak IX.A.3 règleman sa a.

4. Si yon kandida vin pa elijib oswa si yo diskalifye l apre pwosesis chwa a fini nan dat 25 jen ane eleksyon an oswa anvan dat la, y ap chwazi sou kondisyon kandida ki te vini an dezyèm plas nan vòt yo pandan premye tou a ki pa soti nan yon distri ki deja gen reprezantan CCELL la.² Si kandida ki devan nan pwosesis la vin gen menm kantite vòt, ajan endepandan k ap dirije pwosesis la pou DOE ap decide ki kandida ki gen eleksyon an dapre yon tiraj osò. Si pa gen kandida elijib ki rete pou yo chwazi, ap sanse gen yon pòs vid nan CCELL la, ke y ap konble dapre pwosedi ki tabli nan Seksyon IX.A.2 ak IX.A.3 Règleman sa a.
5. Dire manda paran manm yo se de ane epi pa gen limit pou kantite manda yo.

B. Manm ke Defansè piblik NYC nonmen

Defansè piblik NYC ap nonmen de manm ki ka vote. De manm yo dwe se moun ki gen anpil eksperyans ak konesans nan ansèyman ELL ki pral pote yon bonjan èd pou amelyore pwogram bileng ak pwogram ESL nan lekòl NYC yo. Dire manda manm sa yo se de ane, epi pa gen limit pou kantite manda yo. Kandida ki vle Defansè piblik la nonmen yo nan CCELL la ap jwenn yon aplikasyon nan biwo Defansè piblik la epi soumèt aplikasyon yo fin ranpli a nan biwo Defansè piblik la.

C. Nominasyon elèv manm (manm ki pa ka vote)

Fonksyonè anchèf pou kontwòl pwogrè Elèv ki gen andikap ak pwogrè ELL dwe chwazi yon elèv dènye ane lekòl segondè ki oswa te nan yon pwogram bileng oswa yon pwogram ESL pou ofri sèvis li nan CCELL, dapre yon pwosesis Fonksyonè anchèf pou kontwòl pwogrè a devlope.

VI. KONTWÒL KALIFIKASYON/ELIJIBLITE

Apre chwa sou kondisyon paran kandida yo men anvan yo kòmanse fonksyon yo nan pòs Konsèy la, Chanselye a oswa reprezantan l ap detèmine si manm yo kalifye pou ofri sèvis yo nan CCELL la. Si Chanselye a detèmine ke yon kandida pa elijib, y ap mete adispozisyon piblik la pou l gade desizyon Chanselye a ekri nan espas sèt jou apre li voye l nan biwo Borough yo ak nan biwo santral FACE. Y ap mete ak desizyon sa a rezon legal ak rezon valab lè yo pibliye l. Yo dwe ranplase tout kandida Chanselye konsidere ki pa elijib pou pòs la ak kandida ki gen plis vòt ki vin apre a, toutotan kandida a pa soti nan yon distri ki deja gen reprezantan nan CCELL la.

VII. KALANDRIYE

Yo dwe chwazi manm sa yo dezyèm madi mwa Me 2011 ak chak dezan apres pou premye CCELL la, ki gen manda k ap kòmanse 1^{ve} jiyè apre eleksyon an. Yo dwe òganize pwosesis eleksyon an pandan yon peryòd 90 jou. Nan peryòd sa a, y ap mete tan yo pran pou pibliye pwosesis la, nominasyon paran, fowòm kandida, ak vòt selektè yo fè. FACE ap presize peryòd tan pou aplike Règleman sa a.

VIII. DEMISYON

A. Paran manm

Paran ki manm yo dwe voye yon lèt ba Chanselye a pou bay demisyon yo. Chanselye a nonmen Reprezantan anchèf FACE pou resevwa demisyon yo onon l. Demisyon sa yo dwe efektif dèke yo voye l oswa depoze l nan biwo Fonksyonè anchèf pou Angajman Fanmiy, amwenske yo presize yon lòt dat, pa plis pase 30 jou apre dat yo voye lèt la oswa depoze l nan biwo Fonksyonè anchèf la. Manm yo pa ka chanje lide yo ni anile l, ni modifiye l lè yo fin bay demisyon yo, eksepte lè Chanselye a dakò.

² Pou kandida ki diskalifye apre 25 jen ane yo te eli yo, y ap aplike pwosedi pou pòs vid ki tabli nan Seksyon IX.A.2 ak IX.A.3 règleman sa a.

B. Manm ke Defansè piblik la nonmen

Manm Defansè piblik la nonmen dwe voye yon lèt ba Defansè piblik la pou bay demisyon yo. Demisyon sa yo ap efektif dèke yo voye lèt la oswa depoze l nan biwo Defansè piblik la, amwenske yo presize yon lòt dat, ki pa plis pase 30 jou apre dat yo voye lèt la oswa klase l nan biwo Defansè piblik la. Manm yo pa ka chanje lide yo sou demisyon yo fin bay la, ni anile l, ni modifye l eksepte lè Defansè piblik la dakò.

C. Elèv manm

Yon elèv manm dwe ekri Fonksyonè anchèf pou kontwòl pwogrè Elèv ki gen andikap ak ELL pou l ka bay demisyon li. Demisyon sa a ap anvigè apati dat yo voye lèt la oswa depoze l nan biwo Fonksyonè anchèf pou kontwòl pwogrè, amwenske yo presize yon lòt dat, pa plis pase 30 jou apre dat yo voye lèt la oswa depoze l nan biwo Fonksyonè anchèf pou kontwòl pwogrè. Elèv la pa ka retounen sou desizyon li pran pou demisyone a, ni anile l, ni modifye l eksepte lè Fonksyonè anchèf pou kontwòl pwogrè a dakò.

IX. PÒS VID

A. Pòs vid yon kandida Paran ak Defansè piblik nonmen

1. Si yon manm CCELL la refize oswa neglije ale nan twa reyinyon CCELL la pandan dire manda l san bay yon eskiz valab alekri alòke yo te avize l kòm sadwa, manm lan abandone pòs li a.³ Yo dwe mete nan pwosèbal ofisyèl reyinyon sa a chak manm ki absan ak tout eskiz alekri manm sa yo bay. Asistan administratif la oswa Prezidan CCELL la dwe rapòte ba Defansè piblik la absans tout manm Defansè piblik la nonmen. Apre twazyèm absans nan reyinyon yon manm Defansè piblik la nonmen san l pa eskize l, CCELL la ap deklare pòs la vid dapre desizyon yo pran nan yon reyinyon kalandriye, epi li dwe avize Chanselye a (ak Defansè piblik la, lè l apwopriye) konsènan aksyon li antreprann lan.
2. Lè gen yon pòs paran ki vid nan CCELL la, CCELL la ap konble pòs vid la pou rès manda ki poko fini a nan yon reyinyon piblik. CCELL la ap kontakte paran elèv ki nan yon pwogram bileng oswa ESL anvan l konble pòs vid la. Tout moun ki enterese pran yon pòs paran vid nan CCELL la dwe ranpli yon aplikasyon. Yo ka jwenn aplikasyon an nan CCELL la oswa nan FACE.
3. Si CCELL la pa mete yon paran nan pòs vid la sou 60 jou apre yo deklare gen manm ki gen menm kantite vòt, Chanselye a ap vote pou rezoud sityasyon an. Si CCELL la pa ranpli pòs vid la sou 60 jou pou nenpòt lòt rezon, Chanselye a ka nonmen yon moun nan pòs vid la.
4. Lè pòs yon manm Defansè piblik la te nonmen vin vid, Defansè piblik la dwe nonmen yon lòt manm pou fin fè rès tan manda a. Kandida k ap chèche ranpli yon pòs yon manm Defansè piblik la te nonmen ki vin vid nan CCELL la dwe pran yon fòm aplikasyon nan biwo Defansè piblik la, epi soumèt aplikasyon l fin ranpli a nan biwo Defansè piblik la.

B. Pòs elèv ki vid

Nan ka yon pòs elèv vin vid, Fonksyonè anchèf pou kontwòl pwogrè elèv ki gen andikap ak ELL ap nonmen yon lòt elèv dènye ane pou fini rès manda a dapre yon pwosesis Fonksyonè anchèf pou kontwòl pwogrè a ap mete sou pye. Fonksyonè anchèf pou kontwòl pwogrè dwe enfòmè CCELL ak FACE osijè nominasyon li fè a.

³ Bagay sa yo reprezante rezon valab pou absans : lanmò yon moun nan fanmi manm lan oswa prezans li nan antèman moun nan fanmi li ; maladi oswa chòk grav manm CCELL la oswa yon manm nan fanmi l ; lòd tribinal pou l prezante l paegzanp kòm manm jiri ; travay militè ; konfli ki gen pou wè ak travay manm lan ki anpeche l vini nan reyinyon CCELL ; ak lòt rezon CCELL la jije ki apwopriye.

X. PWOSESIS POU POTE PLENT

Yo dwe voye yon lèt ba Chanselye a pou pote plent osijè moun ki pa respekte Règleman sa a sou senk (5) jou apre swadizan vyolasyon an, epi yo dwe mete nan lèt la rezon espesyal pou plent lan.

XI. ASISTANS TEKNIK

FACE pral kontwole aplikasyon pwosedi ki nan Règleman sa a, epi l ap bay asistans teknik lè l nesesè.

Si w gen kesyon konsènan Règleman sa a, ou dwe konsidere rele :

<u>Telefòn :</u> 212-374-2323	<i>Division of Family and Community Engagement</i> N.Y.C. Department of Education 49 Chambers Street – Room 503 New York, NY 10007	<u>Faks :</u> 212-374-0076
----------------------------------	---	-------------------------------